



# Commonwealth Massachusetts

## DEPATMAN Sèvis Piblik

### AVI DEPO AK ODYANS PIBLIK YO

D.P.U. 24-146

4 Novanm 2024

Petisyon vil Aquinnah, Barnstable, Bourne, Brewster, Chatham, Chilmark, Dennis, Eastham, Edgartown, Falmouth, Harwich, Mashpee, Oak Bluffs, Orleans, Provincetown, Sandwich, Tisbury, Truro, Wellfleet, West Tisbury, ak Yarmouth, ak Dukes County, aji ansanm antanke Cape Light Compact JPE, dapre G.L. c. 25, § 21, pou Depatman Sèvis Piblik yo apwouve Plan Efikasite Enèjetik Twazan li a pou 2025 jiska 2027.

Nan jou ki te 31 Oktòb 2024 la, vil Aquinnah, Barnstable, Bourne, Brewster, Chatham, Chilmark, Dennis, Eastham, Edgartown, Falmouth, Harwich, Mashpee, Oak Bluffs, Orleans, Provincetown, Sandwich, Tisbury, Truro, Wellfleet, West Tisbury, ak Yarmouth, ak Konte Dukes, aji ansanm antanke Cape Light Compact JPE ("Compact"), te depoze yon petisyon nan Depatman Sèvis Piblik ("Depatman") pou mande apwobasyon pou Plan Efikasite Enèjetik Twaz-an li a pou 2025 jiska 2027 ("Plan Twaz-an"). Plan Twaz-an yo pwopoze a gen ladan l tou depo Sèvis Konsèyasyon Rezidansyèl Compact dapre G.L. c. 164, Aplikasyon. § 2-7(h). Depatman an enskri afè sa nan D.P.U. 24-146.

Dapre G.L. c. 25, § 21, tout konpayi distribisyon kouran ak gaz Massachusetts, ak agregatè minisipal ki gen plan efikasite sètifye (ansanm ak, "Administratè Pwogram yo"), oblije devlope, an konsiltasyon avèk Konsèy Konsiltatif pou Efikasite Enèjetik la ("Konsèy"), plan ki bay pou akizisyon tout efikasite enèjetik ki disponib yo ak resous rediksyon demann ki rantab oswa ki mwen chè pase òf la. Anplis de sa, Plan Twaz-an yo dwe atenn objektif rediksyon emisyon gaz Sekretè Enèji a ak Zafè Anviwònman an fikse yo.

Nan tout eta a, Administratè Pwogram yo ansanm pwopoze pou yo envesti anviwon \$5 milya pou travay pou efikasite enèjetik ak dekarbonizasyon sou dire Plan Twaz-an, yo deklare ki pral bay yon benefis total ki se \$13 milya pou kliyan Massachusetts yo. Plan Twazan Compact pwopoze a gen ladan l pwogram efikasite enèjetik pou kliyan rezidansyèl yo, pou kliyan ki gen fèb-revni yo, pou kliyan komèsyal yo ak kliyan endistriyèl yo ("C&I").

Bidjè total Compact pwopoze pou Dire Plan Twaz-an 2025-2027 la se \$296,034,407 (sa vle di, \$93,398,152 nan lane 2025, \$94,678,892 nan lane 2026, ak \$107,957,363 nan lane 2027). Si yo apwouve Plan Twaz-an Compact la jan yo pwopoze l la, Compact ap deklare kliyan yo ka remake chanjaman sa yo sou bòdwo yo:

- Yon kliyan rezidansyèl nòmal (R-1) k ap itilize 530 kWh chak mwa ka gen yon ogmantasyon \$8.33 oswa 4.68 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$2.14 oswa 1.15 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$4.83 oswa 2.62 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.
- Yon kliyan nòmal ki gen fèb revni (R-2) k ap itilize 475 kWh chak mwa ka gen yon ogmantasyon \$4.33 oswa 4.65 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2025; yon rediksyon \$1.11 oswa 1.14 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2026; ak yon ogmantasyon \$2.51 oswa 2.61 pousan sou bòdwo a chak mwa nan lane 2027.
- Chanjman k ap fèt sou bòdwo kliyan C&I yo ap varye. Kliyan sa yo ta dwe kontakte Compact jan sa endike anba a pou yo jwenn enfòmasyon espesifik sou chanjman k ap fèt sou bòdwo yo.

Pou fini, Depatman an ap mete ankèt la nan D.P.U. 24-32, demann pou Compact renonse ak kèk dispozisyon konsènan kalkil enterè nan Tarif Frè Efikasite Enèjetik NSTAR Electric Company, ki gen non komèsyal Eversource Energy (MDPU). No. 50E), nan kad ankèt ki ankou nan D.P.U. 24-146.

Depatman an ap fè odyans piblik sa yo pou l resevwa kòmantè sou petisyon Compact, jan sa a ekri pi ba a:

- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 3 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 pm, Worcester nan Hogan Campus Center, Suite B/C 4th, College of the Holy Cross, 1 College Street, Worcester, MA 01610. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.**
- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 4 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 pm, New Bedford nan Keith Middle School, 225 Hathaway Blvd., New Bedford, Massachusetts 02740. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.**
- **Odyans piblik vityèl k ap fèt nan jou k ap 5 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 2:00 pm y ap fè l ak videyokonferans Zoom nan lyen y ap bay anba a. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik vityèl sa a.**
- **Odyans an-pèsòn k ap fèt nan jou k ap 5 Desanm 2024 la, ap kòmanse a 7:00 p.m., Boston nan Depatman Sèvis Piblik, One South Station, Boston, Massachusetts. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen, Ris ak Vyetnamyen) ap disponib nan odyans piblik an pèsòn sa a.**

Patisipan yo ka patisipe nan odyans piblik vityèl k ap fèt 5 Desanm 2024 la lè yo antre sou lyen an, <https://us06web.zoom.us/j/89518573642>, sou yon òdinatè, sou yon telefòn entèlijian oswa sou yon tablèt. Ou p ap bezwen telechaje okenn lojisyèl avan sa. Pou patisipan yo gen

aksè ak fòm a odyo-sèlman pou odyans piblik vityèl la, yo ka konpoze **(646) 558-8656** oswa **(309) 205-3325** (apèl la **pa gratis**) epi antre **#Idantifikasyon Reyinyon an (Meeting ID)** ki se **895 1857 3642**. Sèvis entèpretasyon (Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vyetnamiyen) ap disponib sou platfòm Zoom lan lè w klike sou bouton "Entèpretasyon (Interpretation)" nan meni ki anba ekran aplikasyon Zoom lan epi chwazi lang ou a (sa vle di, Espanyòl, Pòtigè, Chinwa [Mandaren ak Kantonè], Kreyòl Ayisyen ak Vietnamyen).

Si w prevwa bay kòmantè pandan nenpòt nan odyans piblik yo, tanpri voye yon imèl avan **Vandredi 29 Novanm 2024** la, sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov) ak non w, adrès imel ou ak adrès postal ou.

Nenpòt moun ki entèrese pou l fè kòmantè nan odyans yo ka soumèt kòmantè alekri pa pita pase fen jounen travay **Vandredi 6 Desanm 2024** la avan (5:00 pm). Tanpri sonje, pou kesyon transparans, y ap afiche tout kòmantè yo sou sit entènèt Depatman an jan yo te resevwa yo a, san yo pa mete okenn enfòmasyon pèsone, tankou adrès, nimewo telefòn oswa adrès imel. Se poutèt sa, reflechi sou kantite enfòmasyon ou vle pataje lè w ap soumèt kòmantè yo. Depatman an ankouraje tout moun pou yo soumèt kòmantè piblik yo sou imel pandan y ap itilize metòd yo dekri anba a. Men, si yon manm piblik la pa kapab voye kòmantè alekri sou imel, yo ka voye yon kopi papye bay Mark D. Marini, Sekretè, Department of Public Utilities, One South Station, Boston, Massachusetts, 02110.

Nenpòt moun ki vle patisipe nan yon lòt fason nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an. Yon petisyon otorizasyon pou yon entèvansyon dwe satisfè delè a ak egzijans sibstansyèl dapre 220 CMR 1.03. Depatman an te etabli de mwayen pwosedi pou yo revize Plan Twaz-an yo, yo konnen yo sou non "Mwayen Jeneral" ak "Mwayen Altènatif". Òdonans k ap Apwouve Enstriksyon ki Revize yo sou Eifikasite Enèjetik, D.P.U. 20-150-A (2021) ("Enstriksyon"). Enstriksyon § 3.7.2(a). Yon patisipan Mwayen Jeneral se yon pati ki gen enterè yo reprezante nan Konsèy la dapre G.L. c. 25, § 22(a). Yon antite yo te gentan bay otorizasyon entèvansyon kòm yon pati konplè oswa yon patisipan limite ap konsidere kòm yon patisipan Mwayen Jeneral pou pwochen Pwosedi Plan Twaz-an an. Yon patisipan Mwayen Altènatif se nenpòt antite Depatman an jwenn, dapre G.L. c. 30A § 10, pwosedi sa yo afekte yon fason ki sibstansyèl oswa ki espesifik men ki: (1) pa t patisipe nan pwosesis Konsèy la oswa enterè yo pa t byen reprezante; epi (2) potko janm patisipe nan yon pwosedi Plan Twaz-an kòm yon pati konplè oswa kòm yon patisipan limite.

Moun/antite Mwayen Jeneral yo ki vle patisipe nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an pa pita pase fen jounen travay **Vandredi 1ye Novanm 2024** la. Moun/antite Mwayen Altènatif yo ak tout lòt moun/antite ki vle patisipe nan faz prèv pwosedi sa a dwe depoze yon petisyon otorizasyon alekri pou yon entèvansyon bò kote Depatman an pa pita pase fen jounen travay **Jedi 14 Novanm 2024** la. Se lè Depatman an resevwa l la, se pa voye l pa lapòs, ki se depo a epi ki detèmine si yon petisyon te depoze atan. Yo ka anile yon petisyon yo te depoze an reta paske yo pa t respekte delè yo te bay la, sof si gen yon bon rezon pou yo renonse ak sa dapre 220 CMR 1.01(4). Pou yo otorize l, yon petisyon dapre 220 CMR 1.03(1) dwe satisfè egzijans kalite yo dapre G.L. c. 30A, § 10. Tout repons pou Petisyon Mwayen Jeneral pou Entèvansyon yo dwe

depoze avan fen jou travay **Madi 5 Novanm 2024 la**. Tout repons pou Petisyon Mwayen Altènatif pou Entèvansyon yo dwe depoze avan fen jou travay **Lendi 18 Novanm 2024 la**.

Si yon moun oswa yon antite vle soumèt kòmantè yo oswa yon petisyon pou entèvansyon dapre Avi sa a, li ka sèlman soumèt li elektwonikman. Yo dwe soumèt tout kòmantè oswa petisyon pou entèvansyon yo bay Depatman an sou fòm **.pdf** ki anekse ak i-mel la sou [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov) epi sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov). Anplis de sa, yo dwe soumèt tout kòmantè oswa petisyon pou entèvansyon yo bay avoka Compact la, Audrey Eidelman Kiernan, Avoka, KO Law, PC, ki anekse nan imel la sou [akiernan@kolawpc.com](mailto:akiernan@kolawpc.com). Tèks imel la dwe prezize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 24-146); (2) non moun lan oswa non konpayi ki soumèt depo a; epi (3) yon tit deskriptif tou kout pou dokiman an. Y ap afiche tout dokiman ki soumèt sou fòm elektwonik yo sou sit entènèt Depatman an nan Sal Fichye anliy nou an depi sa posib (antre “24-146”) sou: <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber>.

Pou w mande dokiman nan fòm ki aksesib pou moun ki gen andikap yo (Bray, gwo karaktè, fichye elektwonik, fòm odyo), kontakte kowòdonatè ADA Depatman an sou [eeadiversity@mass.gov](mailto:eeadiversity@mass.gov) oswa 617-626-1282. Nenpòt moun ki vle jwenn plis enfòmasyon konsènan Plan Twazan an ta dwe kontakte avoka Compact la, Audrey Eidelman Kiernan, Avoka, KO Law, PC, sou [akiernan@kolawpc.com](mailto:akiernan@kolawpc.com) oswa nan (617) 644-7681. Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan Avi sa a, tanpri kontakte Krista Hawley, Ofisye Odyans, Depatman Sèvis Piblik, sou [krista.hawley@mass.gov](mailto:krista.hawley@mass.gov) oswa vizite: <https://www.mass.gov/info-details/energy-efficiency-dockets-and-filings>.

**This document is an important Notice from the Cape Light Compact JPE. To request translation and/or interpretation services, please contact the Cape Light Compact JPE at: 1-800-797-6699.**

**Este documento es un Aviso importante de The Cape Light Compact JPE (“el Compacto”). Por favor, contacte al Compacto en: 1-800-797-6699 para solicitar servicios de traducción y/o interpretación.**

**Este documento contém um Aviso importante da The Cape Light Compact JPE (“o Conglomerado”). Por favor, entre em contato com o Compact pelo link: 1-800-797-6699 para solicitar serviços de tradução e/ou interpretação.**

**此文件是 Cape Light Compact JPE（簡稱為「Compact」）的重要通知。請透過 1-800-797-6699 聯絡 Compact 來請求翻譯和/或口譯服務。**

**此文件是 Cape Light Compact JPE（簡稱為“Compact”）的重要通知。請通過 1-800-797-6699 联系 Compact 來請求翻譯和/或口譯服務。**

**Dokiman sa a se yon Anons enpòtan nan men The Cape Light Compact JPE la (“Konvansyon an”). Tanpri kontakte Konvansyon an nan: 1-800-797-6699 pou mande sèvis tradiksyon ak/oswa entèpretasyon.**

Tài liệu này là một Thông Báo quan trọng của Cape Light Compact JPE (“Compact”). Xin hãy liên hệ Compact tại: 1-800-797-6699 để yêu cầu các dịch vụ biên dịch (viết) và/hoặc thông dịch (nói).

ឯកសារនេះគឺជាសេចក្តីជូនដំណឹងដ៏សំខាន់ ពី The Cape Light Compact JPE (“ប្រឡង”) ។ សូមទំនាក់ទំនងមកក្រុមហ៊ុន ប្រឡង តាមរយៈ៖ 1-800-797-6699 ដើម្បីស្នើសុំសេវាបកប្រែឯកសារ និង/ឬសេវាបកប្រែផ្ទាល់។

: هذه الوثيقة هي إشعار مهم من اتحاد Cape Light Compact JPE (“الاتحاد”). يرجى الاتصال بالاتحاد من خلال 1-800-797-6699 لطلب خدمات الترجمة و/أو التفسير.

Этот документ содержит важную информацию от компании The Cape Light Compact JPE («Компания»). Пожалуйста, свяжитесь с компанией: 1-800-797-6699, чтобы запросить письменный и (или) устный перевод.

본 문서는 The Cape Light Compact JPE (“Compact”)의 중요한 공지입니다. 번역 및/또는 통역 서비스를 요청하시려면 Compact(1-800-797-6699)에 문의하시기 바랍니다.

Ce document est un avis important de The Cape Light Compact JPE (“the Compact”). Veuillez contacter the Compact à l'adresse suivante : 1-800-797-6699 pour demander des services de traduction et/ou d'interprétation.